दिन–बुधवार दिनांक–17.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी राजधानी पटना मे विकसित होयबला नव टाउनशिपक नाम पाटलिपुत्र करबाक घोषणा कयलनि छथि। श्री चौधरी आई पटनाक फुलवारीशरीफक नदीयावां मे प्रखंड सहयोग सह जनकल्याण शिविर के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे बिहारक ऐतिहासिक आ सांस्कृतिक धरोहर सभ के पुनर्जीवित करबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे केन्द्र सरकार दिस सँ राज्य कैं भेटयबला चारि हजार करोड़ टाकाक बकाया राशि तीस जून धरि दऽ देल जायत। संगहि ओ जनौलनि जे शीघ्रहि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक हाथे भागलपुर मे विक्रमशिला विश्वविद्यालयक शिलान्यास कयल जायत। मुख्यमंत्री जनतब देलनि जे कोईलवर सँ भागलपुर धरि तिरासी किलोमीटर नम्हर गंगा पाथ–वे बनाओल जायत। एहि पर सतरह हजार करोड़ टाका खर्च होयत। ओ समृद्ध बिहार, विकसित बिहारक चर्चा करैत जनौलनि जे आई राज्य मे निवेशक संभावना बढ़ल अछि। एहि सँ पहिने मुख्यमंत्री शिविर मे पहुँचल लोक सभक शिकायत सुनलनि आ ओकर समाधानक लेल अधिकारी सभ के जनौलनि। समारोह के उप–मुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ सहकारिता मंत्री रामकृपाल यादव सेहो संबोधित कयलनि।

---

केन्द्र कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि अछि जे बिहार मे कृषि लेल एकीकृत कृषि प्रणाली अपनाओल जायत। पटना मे एक कार्यक्रम के संबोधित करैत ओ जनौलनि जे छोट–छोट किसान सभक संख्या बेसी होयबाक कारण ई मॉडल एतय सफल होयत। एम्हर, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी श्री चौहान सँ प्रदेश मे कृषि क्षेत्र मे आदर्श केन्द्र स्थापनाक आग्रह कयलनि अछि। पटना मे आयोजित उच्च स्तरीय बैसार मे मुख्यमंत्री श्री चौहान सँ बक्सर आओर लखीसराय मे टमाटर आओर पिआउजक सेंटर ऑफ एक्सीलेंस स्थापनाक आग्रह कयलनि।

---

केंद्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ पटनाक नौबतपुरक राज्य बीज उत्पादन फार्म मे 'खेत बचाओ अभियान' मे भाग लेलनि। कार्यक्रमक बिच श्री चौहान किसान सभक संग गपशप सेहो कयलनि। केन्द्रीय मंत्री विद्यापति भवन मे भेल 'विकसित भारत संकल्प सम्मेलन' कार्यक्रम में सेहो भाग लेलनि।

———————————————————————————

मद्य निषेध, कारा आ परिवहन विभागक सिपाही आओर कक्षपालक बहाली लेल आई दू पारी मे परीक्षा लेल गेल। प्रदेशभरि मे पांच सय चौवालीस परीक्षा केन्द्र पर अभ्यर्थी सभ परीक्षा देलनि। एम्हर, रेलवे अभ्यर्थी सभक सुविधा लेल आई पच्चीस ट्रेनक आवाजाहीक व्यवस्था कयलक अछि। ई ट्रेन मधुबनी, सहरसा, सोनपुर, पटना, बक्सर, गया, आओर बेतिया सहित कतेको स्टेशन सँ चलत।

———————————————————————————

रेलवे मीडिया मे चलि रहल ओ खबरि के मिथ्या जनौलक अछि जाहि मे पाटलिपुत्र स्टेशप पर ट्रेन मे सबार एक छात्रक मृत्युक गप कहल गेल अछि। रेलवे जनौलक अछि जे पाटलिपुत्र स्टेशन पर एहेन कोनो घटना नहि भेल अछि।

———————————————————————————

गृह विभाग केंद्रीय चयन पर्षद सिपाही भर्ती परीक्षा के स्थगित करबाक संबंध मे चलि रहल भ्रामक–मिथ्या सूचनाक खंडन कयलक अछि। पर्षद जनौलक अछि जे दू पारी मे होयबला लिखित परीक्षा अपन पहिनेक कार्यक्रमक अनुसार होयत।

———————————————————————————

शिवहर जिलाक पुलिस लाईन मे आई प्रशिक्षु सिपाही सभक लेल दीक्षांत परेड समारोहक आयोजन कयल गेल। एहि सँ प्रशिक्षण करयबला दू सय आठ आरक्षी बिहार पुलिस मे शामिल भऽ गेलाह। तिरहुत प्रक्षेत्रक पुलिस उपमहानिरीक्षक चंदन कुशवाहा, जिलाधिकारी प्रतिभा रानी आ पुलिस अधीक्षक शुभांक मिश्रा दीक्षांत परेडक सलामी लेलनि आ सब आरक्षी के उज्ज्वल भविष्यक शुभकामनाएं देलनि।

---

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमि अयला सँ एक जून सँ अखन धरि सामान्य सँ बत्तीस प्रतिशत कम बरखा भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार बंगालक खाड़ी आ अरब सागर सँ आबयबला मानसूनक दुनू शाखा कमजोर अछि। बरखाक कमिक कारणे पटना सहित सात जिला मे तापमान चालीस डिग्री सेल्सियसक पार पहुँचि गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच बयालिस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग भभुआ राज्यक सभ सँ बेसी गरम स्थान रहल। किशनगंजक तैयबपुर मे सभ सँ बेसी बारह दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। एहि बिच, मौसम विभाग जनौलक अछि जे आइ राज्यक कतेको क्षेत्र मे हल्लुक सँ मध्यम बरखा भेल अछि।

---

समाप्त भेल